

DREYFOOS SCHOOL OF THE ARTS  
**DIREKTIV POU ODISYON 2021-2022**

**POU ANE LEKÒL 2022-2023**



KOMINIKASYON  
DANS  
MEDYA DIJITAL  
MIZIK FANFA  
MIZIK PYANO  
MIZIK ENSTRIMAN  
AKÒD  
MIZIK VOKAL  
TEYAT  
BOZA PLASTIK

# AWNSOA

## KONDISYON ADMISYON POU ANE LEKÒL 2022-2023

Ou dwe yon rezidan apentan Rejyon Palm Beach nan moman w aplike a.

- Ou dwe patisipe nan yon pwosesis odisyon epi fè yon nòt kalifikatif. Pwosesis sa varye ant pwogram yo.

### Nòt kalifikatif

Yo fè yon mwayèn nòt apati twa jijman epi yo ranje de 1 a 5

9 <sup>yèm</sup> Ane	4.25 oswa pi wo
10 <sup>yèm</sup> Ane	4.50 oswa pi wo
11 <sup>yèm</sup> Ane	4.75 oswa pi wo
12 <sup>yèm</sup> Ane	4.90 oswa pi w

Nòt yo kapab bezwen ajisteman nan domèn boza toudepan kantite plas ki disponib ak distribisyon nòt pa aplikan pou boza. Si yo fè yon ajisteman konsa, nòt yo p ap ogmante.

- Yo bay akomodasyon pou elèv ki genyen bezwen espesyal ki dokimante nan yon Plan IEP oswa 504 ki aktif. Yo ankouraje elèv ELL ki genyen konpetans limite nan Anglè pou pase odisyon an nan lang natif natal yo. Elèv yo idantifye kòm LY ap jwenn fasilite lang pou odisyon yo.
- - Yon paran/responsab legal dwe fè Biwo Espesyalizasyon nan Boza Dreyfoos School of the Arts konnen imedyatman aprè yo fin soumèt aplikasyon an si timoun nan genyen yon bezwen espesyal ki mande akomodasyon pou odisyon li a.
  - Yon paran/responsab Oblije Telechaje yon kopi Plan IEP oswa 504 aktyèl elèv la (elèv lekòl piblik oswa evalyasyon medikal (elèv lekòl prive) avèk Aplikasyon pou Pwogram Chwa a pou li fè sèten li jwenn akomodasyon pou odisyon an.
- Aplikan ki kalifye pou pwosesis odisyon an dwe tou genyen yon mwayèn jeneral 2.0.
- Yo p ap aksepte yon elèv ki pa satisfè kritè nòt ki endike pi wo la a, mensi li fè yon nòt kalifikatif nan odisyon an. Elèv lekòl Prive ap oblije soumèt yon relvednòt resan nan moman odisyon an.
- Y ap soumèt non tout elèv ki kalifye yo bay Depatman Chwa ak Opsyon Karyè pou yon pwosesis seleksyon nan lotri ochwa.
- Si genyen plis elèv ki kalifye pase gen plas ki disponib nan pwogram nan, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pral fè seleksyon final la atravè yon sistèm lotri sou òdinatè. Elèv yo pa t seleksyone avan nan lotri a, y ap mete yo nan yon lisdatant pou tout pwogram chwa kote yo te jije yo elijib.

- **Nenpòt aplikan k ap aplike pou yon pwogram ki mande odisyon dwe respekte direktiv resan distri a nan sa ki genyen rapò avèk Covid-19 pandan pwosesis odisyon an. Chak lekòl an patikilye ap bay enfòmasyon adisyonèl.**

#### Deklarasyon sou Non-Diskriminasyon

Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid, entèdi diskriminasyon nan admisyon oswa aksè oswa anplwa nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks oswa oryantasyon seksyèl, kondisyon matrimonyal, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa entèdi. Komite Dirijan an bay tou aksè egal ego nan *Boy Scout* ak lòt gwoup adolesan yo deziye.

# Etap 1

## APLIKE

Ranpli yon aplikasyon pou Espesyalizasyon ak Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè nan dat limit Distri a fikse:

10 desanm 2021

Aplikasyon yo disponib anliy nan [www.mypbchoiceapp.com](http://www.mypbchoiceapp.com). Yo ankouraje aplikasyon sou entènèt anpil epi ou resevwa resi konfimasyon pa imèl nan menm moman an. Tanpri, kenbe tout enfòmasyon pou konekte sou entènèt yo pou itilize alavni nan Sistèm Jesyon Aplikasyon an (*Application Management System*) Si pa gen konpitè ki disponib nan kay la, tanpri vizite bibliyotèk nan zòn nan oswa lekòl pitit ou a. Gade nan manyèl Pwogram Espesyalizasyon an pou plis detay. Si elèv la genyen yon *IEP* oswa yon Plan 504 epi ou chwazi wi pou mande akomodasyon, tanpri telechaje plan w lan nan "*Choice Application*". Si w genyen pwoblèm pou telechaje, tanpri, imel li dirèkteman bay [jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org) imedyatman aprè w fin soumèt aplikasyon an, epi pa pita pase 7 Janvyè 2022.

# Etap 2

## TACH

Aplikasyon yo apwouve yo ap resevwa avi nan imel sou pwosedi odisyon yo ak dat/lè odisyon elèv la. Se sèlman elèv ki genyen yon aplikasyon yo verifye nan dosye Depatman Chwa ak Opsyon Karyè y ap bay yon odisyon vityèl. Si ou pa resevwa yon avi sou odisyon avan oswa nan dat 7 janvyè 2021, tanpri kontakte Biwo Espesyalizasyon *Dreyfoos* nan 561-802-6005.

Aplikasyon yo dwe pase odisyon nan dat yo bayo. Yon elèv kapab chanje dat odisyon li a sèlman nan ka yon jans famiyal ki dokimante oswa si dat yo bali a an konfli ak obsèvan relijye. *Dreyfoos* defini yon jans famiyal tankou lanmò yon manm pwòch fanmi elèv la.

Si yon elèv vin malad nan dat odisyon li a, li dwe bay lekòl la prè li te malad nan dat la, yon doktè bali, nan twa (3) jou ouvrab apati dat odisyon elèv la. Yonfwaw *Dreyfoos* verifye prè maladi a, yo pral pwograme yon lòt odisyon si genyen plis dat odisyon ki disponib. Elèv ki pa t patisipe nan odisyon avan Lotri Admisyon Mwa Mas p ap elijib pou premye pwosesis lotri seleksyon an.

# Etap 3

## PREPARE

Repase direktiv sou odisyon yo ki lokalize sou entènèt nan [www.awdsoa.org](http://www.awdsoa.org)

# Etap 4

## ODISYON

Elèv yo ta dwe prepare pou yo rezève sware odisyon yo pou yo fini odisyon an, konfòmman avèk direktiv pou odisyon yo. **Ne pòt aplikan k ap aplike pou yon pwogram ki mande odisyon dwe respekte direktiv resan distri a nan sa ki genyen rapò avèk Covid-19 pandan pwosesis odisyon an. Chak lekòl ap bay enfòmasyon adisyonèl pa yo.**

# Etap 5

## RETE TANN

Depatman Chwa ak Opsyon Karyè Distri Lekòl Rejyon Palm Beach etabli yon dat pou avi pou bibliye rezilta plasman pou tout Pwogram Chwa yo.

# Boza Kominikasyon

Pwosesis Odisyon pou Boza Kominikasyon enkli kat (4) pati:

Premye Pati - DISKOU APLIKAN AN PREPARE ak Dezyèm Pati - REDAKSYON ki dwe fèt alavans.

- Premye Pati - Aplikan an pral prepare DISKOU li avan odisyon an epi prezante l bay yon panèl jij nan odisyon an. Yo dwe prezante yon kopi sou papye diskou aplikan an nan odisyon an.
- Dezyèm Pati - R E D A K S Y O N, yo dwe soumèt yon narasyon oswa yon powèm naratif, avan odisyon an. Y ap evalye li kòm yon pati nan odisyon an.
  - Aplikan an pral telechaje yon PDF nan yon "Google Form" yo pral imel bali avan odisyon an.

Twazyèm Pati - PLAN AK REZIME YON TI FIM epi Katrityèm Pati - ENTÈVYOU pral fèt nan moman odisyon an.

- Twazyèm Pati - Y ap bay aplikan yo tout materyèl nan odisyon an pou yo reyalize PLAN AK REZIME TI FIM NAN.
- Katrityèm Pati - Aplikan an pral rankontre avèk yon gwoup jij epi, aprè li fin prezante diskou li, li pral patisipe nan yon ENTÈVYOU.

Kisa ou Kapab Atann nan Odisyon an:

- Yon jij (ki se yon PWOFESE) pral gide aplikan an atravè pwosesis la. Jij yo pral evalye travay
- aplikan an yo te resevwa elektwonikman avan odisyon an, anmenmtan ak travay li fè sou sit la pandan odisyon an.
- Chak aplikan dwe rankontre endividyèlman avèk yon gwoup jij.

## P R E M Y E P A T I : D I S K O U

Chak aplikan pral prepare epi prezante yon DISKOU orijinal yon (1) minit. Sijè obligatwa pou diskou sa a se "pandan tout moun kapab genyen pwòp platfòm anliy yo, kijan yon atis kominikasyon mentni kalite ak entegrite travay li?" Aplikan dwe ekri pwòp diskou li epi prezante l nan moman odisyon an. Yo pa bezwen memorize diskou a ann antye, epi aplikan an kapab itilize kopi diskou a lè l ap prezante; sepandan, aplikan an ta dwe kenbe kritè evalyasyon nan lesperi li lè l ap prepare epi prezante diskou li a. Si yo konsilte sous eksteryè, yo dwe idantifye sous yo nan diskou a. Aplikan an dwe soumèt yon kopi sou papye nan moman odisyon an.

- Aplikan yo ta dwe prepare yon diskou alavans, yon fason pou yo kapab pratike prezantasyon diskou yo pou antrene ekspresyon vokal ak prezans fizik. Aplikan yo dwe rete debou lè y ap prezante epi yo ta dwe ekspresif nan delivre diskou a, yon fason pou jij yo kapab klèman wè ak tande aplikan an.
- Si yo dekouvri genyen yon pati nan diskou ki se plajya, y ap diskalifye aplikan an.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Orijinalite ak kreyativite
- Konsantrasyon devlopman kontni, ak òganizasyon ide yo.
- Ekspresyon vokal ak prezans fizik.
- Preparasyon ak pwofesyonalis prezantatè a.

# DEZYÈM PATI: REDAKSYON

Avan odisyon an, aplikan an dwe reyaji sou imaj anba a atravè swa yon **ISTWA NARATIF** (yon istwa ki bay yon seri evènman ki konekte youn ak lòt avèk yon kòmansman, yon dewoulman ak yon fen) oswa yon **POWÈM**:



Elliott Erwitt, Enoshima, Japan, 2003

Tout redaksyon yo dwe se travay orijinal aplikan an, epi y ap tcheke pou plajya. Si yo dekouvi genyen yon pati nan diskou ki se plajya, y ap diskalifye aplikan an. Nan yon sèten fason, redaksyon an dwe se yon reyaksyon sou imaj la oswa imaj la dwe enspire redaksyon an, epi li dwe se travay orijinal aplikan an. Li pa ta dwe yon deskripsyon imaj la.

- Yo dwe soumèt travay la nan yon fòm PDF elektwonikman de (2) jou avan odisyon an atravè yon fòm Google y ap imel dirèkteman bay aplikan an.
  - Si ou pa resevwa yon lyen pou Google Form avan oswa nan dat 5/01/2022, tanpri, kontakte Biwo Espesyalizasyon an nan 561-802-6005 oswa imel [jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org)
- Ou dwe rele redaksyon an INISYAL\_PRENON INISYAL\_SIYATI. (paegzanp *G\_M\_WRITING*).

Pou **ISTWA NARATIF LA**:

- Li kapab fiksyon oswa reyèl.
- Li pa kapab pi long pase de (2) paj- doub entèliy.
- Aplikan yo kapab fè rechèch pou yon istwa reyèl; sepandan, si yo site sous ekstèn, aplikan yo dwe site TOUT sous enfòmasyon ak presizyon epi nan yon fason apwopriye.

Pou **POWÈM nan**:

- Aplikan yo dwe soumèt YONSÈL powèm.
- Powèm nan pa dwe depase 30 liy.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Orijinalite ak kreyativite
- Devlopman kontni/istwa a
- Konsantrasyon ak òganizasyon ide yo
- Gramè, mekanik, chwa ak izaj mo

# TWAZYÈM PATI: PLAN AK REZIME YON TI FIM

Aplikan an pral devlope yon **PLAN** ak yon **REZIME** pou yon ti fim orijinal. Pou li kreye plan an, y ap bay aplikan an yon modèl plan blanch ak dènye imaj ki sou plan an. Aplikan dwe ansuit devlope rès plan an ak imaj ki montre avèk tèks ki eksplike sa k ap pase nan sèn enpòtan fim nan; plan ap fini avèk imaj yo te bay la, aplikan an ap genyen pou l eksplike tou kijan ki konekte epi konplete istwa a. Aplikan pral ekri tou yon rezime ki di an de (2) mo sa ki nan kòmansman, mitan ak fen istwa a pou ti fim orijinal li a.

- Aplikan an ta dwe fè sèten li enkli imaj ki reprezante sèn ki pi siyifikatif yo ak tèks ki eksplike chak kadran/fòm nan tablo rezime istwa "*storyboard*" la pou rakonte yon istwa -- kòmansman, mitan, ak fen (se imaj yo te bay la ki pou reprezante fen an)
- Talan aplikan an pou fè desen p ap afekte nòt y ap bay pou *storyboard* la. Epitou, aplikan an dwe
- ekri yon rezime fim nan, ki ta dwe genyen 3-4 fraz ki rezime kòmansman, mitan, ak fen.
- Y ap bay aplikan an tout materyèl li bezwen pou l reyalize pati sa a. Aplikan an ap genyen
- sèlman karant (40) minit pou pati odisyon sa a.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Kondisyon Reyinyon an
- Orijinalite ak kreyativite
- Izaj efektif imaj ak tèks ki fè sans
- Konpozisyon ak finès travay la

# KATRIYÈM PATI: ENTÈVYOU

Se yon gwoup jij ki pral **ENTÈVYOUVE** aplikan an nan moman odisyon an. Repons yo fèt pou onèt, klè epi koyeran, ak egzanp ak evidans ki sipòte yo.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Talan pou kominike ide ak objektif klèman.
- Konviksyon ak konfyans
- Eksperyans ak konesans nan boza kominikasyon

# Dans

## ABIMAN

Kostim dans nwa, kolan woz, soulye balè woz ak cheve yo byen sekirize nan yon chiyon, oswa kolan nwa, yon mayo blan sere, chosèt blan, ak soulye balè blan.

## PREMYE PATI: K L A S D A N S

Aplikan an pral patisipe nan yon klas dans ki genyen balè, modèn ak djaz. Y ap baze

evalyasyon an sou:

- Egzekisyon Teknik: Aliyman kò, Klate Mouvman, Enèji, Estamin, Andirans, ak Fleksiblité
- kowòdinasyon / Mouvman: Bouje de (2) oswa twa (3) pati nan kò anmenmtan nan yon fason ki kowezif
- Talan Atistik: Kalite pèfòmans, ekspresyon fasyal, dinamik, kalite mouvman efektif, ak pwojeksyon
- Teknik Retansyon: Talan pou aprann konbinezon rapidman epi ekzekite yo ak presizyon.

## DEZYÈM PATI: D A N S S O L O

Aplikan an pral bezwen pèfòme yon solo balè, modèn, oswa djaz li te prepare, pa pi long pase yon (1) minit. Solo balè yo kapab sou pwent pye (*on pointe*) men sa pa obligatwa.

Y ap mande aplikan an pou li soumèt mizik li omwen de (2) jou avan dat odisyon an. Aplikan an ap resevwa yon imel avèk yon fòm *Google* pou soumèt mizik yo dirèkteman. Tanpri, bay fichye mizik ou a yon non ak Tit Chanson an, yon peryòd, epi ansuit Inisyal prenon ou ak Inisyal siyati ou. Egzanp: *TrueColors.GM*

Yo rekòmande pou aplikan yo pote yon kopi mizik yo swa sou yon disk konpak, medya player, oswa telefòn, kòm bakòp. Si aplikan an chwazi pou itilize iPod/iPhone, tanpri plase aparèy la sou mòd "Do Not Disturb" (pa deranje) epi dezaktive oto-lòk la. Yo p ap aksepte ni vètman espesyal ni akseswa oswa lòt dekorasyon.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Teknik jeneral: Izaj vokabilè dans, klate mouvman, egzekisyon teknik ki konpetan, ak mizikalite
- Talan Atistik anjeneral: Kalite pèfòmans, dinamik, ak pwojeksyon

Si ou pa resevwa yon imel ak Lyen pou Google Form la avan oswa nan da 5/01/2022, tanpri kontakte Biwo Espesyalizasyon an nan 561-802-6005 oswa imel [jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org)

# Medya Dijital

## Pwosesis Odisyon Medya Dijital la genyen twa (3) eleman:

1. NARATIF FOTOGRAFI DIJITAL
2. NARATIF FOTOGRAFI DIJITAL ELEMEN REDAKSYON
3. KONPOZISYON NARATIF VIZYÈL

## Nòt Enpòtan:

- Naratif Fofografi Dijital Se aplikan an poukont li ki pou konplete Eleman Redaksyon yo, avan lè yo pwograme odisyon an, epi yo dwe soumèt li nan Google Form Kowòdonatè Pwogram Espesyalizasyon nan Dreyfoos ap imel bali.
- Se aplikan an poukont li ki dwe konplete Konpozisyon Naratif Vizyèl la nan moman odisyon yo a.
- Aplikan an ta dwe genyen fiche dijital eleman Naratif Fotografi Dijital li pare pou li soumèt li nan Google Form (non ak tip fichye ki kòrèk) nan òdinatè lakay li. Pral genyen yon total SENK (5) imaj (Senk foto dijital).
- Soumisyon materyèl odisyon yo se prèv elèv aplikan se te sèl moun ki travay nan èvda li soumèt pou evalyasyon an. **Yo atann pou tout aplikan genyen Onètete ak entegrite Yo pral mande elèv yo pou yo rekonèt vityèlman yon afidafi soumisyon pandan pwosesis odisyon an pou verifye travay la se pa yo.**

## Nòt konsènan materyèl yo:

- Aplikan yo kapab itilize nenpòt kamera oswa kamera telefòn yo pou pran foto pou Eleman Naratif Fotografi Dijital la - yo pral deklare ki aparèy yo te itilize pou pran foto yo nan odisyon an. (egzanp yo enkli, men yo pa limite a, iPhone, telefòn Android, telefòn Google, Nikon, Canon, Olympus, Pentax, eltr.)
- Si aplikan yo chwazi pou edite foto yo, yo dwe itilize Pixir E pou yo fè sa. Sa se yon aplikasyon gratis, ki baze sou entènèt, tout moun kapab itilize.
- Y ap bay aplikan yo tout materyèl ki nesèsè pou konplete Eleman Konpozisyon Naratif Vizyèl yo nan dat odisyon an dirèk la.

\* Depatman/lekòl nou an genyen yon kantite limite kamera "point and shoot" pou aplikan yo prete si yo pa genyen aksè nan aparèy pou pran foto lakay yo.

\* Pou aplikan sa yo ki bezwen yon aparèy pou pran foto pou Eleman Naratif Fotografi Dijital la, tanpri, kontakte Jasmine James (jasmine.james@palmbeachschools.org / (561) 802-6005 pou fè aranjan pou dat ak lè pou yo ale chèche l.



# PREMYE PATI: NARATIF FOTOGRAFI DIJITAL

Aplikasyon yo dwe pran yon seri foto dijital baze sou yon naratif orijinal yo chwazi, ki itilize eleman ak prensip konsepsyon ki nan lis pi ba la a. **Yo ta dwe chwazi yon total egzakteman senk (5) foto ki reprezante sèn" ki nan naratif aplikasyon an chwazi a.**

Definisyon tèms "Naratif" la.

- Yon fason pou prezante oswa konprann yon sitiyasyon oswa yon seri evènman ki reflete epi pwomouvwa yon pwendvi an patikilye oswa yon seri valè. (Mirriam-Webster.com)
- *Telling a story or describing a series of events.* (rakonte yon istwa oswa

dekri yon seri evènman) (*Cambridge.org*) *Elements and Principles of Design*


- Balans
- Koulè
- Kontras
- Anfaz
- Liy Fòm
- Rit
- Fòm
- Space
- Teksti

Y ap baze evalyasyon an sou:

- SUIV DIREKTIV: - Te suiv tout direktiv yo
- Konpozisyon - Oryantasyon imaj la, pwen fokal, te konsidere relasyon espasyal epi efektif nan kominike naratif la.
- TEKNIK - Te konsidere ekspozisyon, satirasyon, ak koulè/blan ak nwa/sepia lokal, epi yo te fò
- ENTEGRITE - Talan pou seleksyon foto ki dekri naratif aplikasyon an te chwazi a klèman
- ORIJINAL/RAKONTE ISTWA YON FASON KREYATIF - Talan pou ekspri yon naratif orijinal kreyativman nan itilize imaj,

Materyèl ak zouti ki nesèsè:

- Yon aparèy pou pran foto, ki kapab enkli yon kamera telefòn selilè (iPhone, telefòn Android, telefòn Google, eltr.) oswa yon kamera espesyalize (Nikonk, Canon, Olympus, Pentax, oswa menm kalite aparèy konsa). Elèv yo pral genyen pou yo deklare ki aparèy yo te itilize pou pran senk foto yo nan odisyon an. Sa enkli mak ak modèl kamera oswa kamera telefòn nan. (Egzanp: iPhone 4, iPhone 8 Plus, SamsungS9+, Canon Rebel t3i, Nikon Coolpix 950, etc.)
- Yo dwe itilize Pixir E, yon app gratis ki baze sou entènèt, pou yo fè nenpòt edisyon final foto yo. Yon liyen pou lojisyèl Pixlr E pou edite foto se ([LA A](#)) **HERE**. Sèl zouti edisyon Pixir ou otorize itilize se: "Brightness/Contrast", "Hue/Saturation", ak/oswa "Image Rotation". (iliminyasyon/kontras, Satirasyon, ak/oswa Wotasyon Imaj) Yo pa otorize rediksyon, lòt efè, oswa zouti edisyon ak/oswa lojisyèl (foto ekran zouti edisyon Pixir E yo otorize, anba la a)



- Depatman/lekòl nou an pral genyen kamera debaz "*point and shoot*" (Oryante kamera epi pran foto a) (kapasite 12 megapiksèl) pou elèv ki vle prete yo si yo pa genyen aksè nan yon aparèy ki kapab pran foto lakay yo. Tanpri, konnen majorite kamera telefòn ki parèt nan dènye senk ane pase yo, genyen pi bon lantiy ak kapasite megapiksèl pase kamera nou genyen ki disponib yo. Prete yon kamera pou odisyon nanmen Dreyfoos ta dwe yon dènye opsyon.

\* Pou aplikan sa yo ki bezwen yon aparèy pou pran foto pou Eleman Naratif Fotografi Dijital la, tanpri, kontakte Jasmine James ([jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org) / (561) 802-6005 pou fè aranjman pou dat ak lè pou yo ale chèche l.

#### Teknik ak apwòch:



- Aplikan yo ta dwe kreye yon naratif orijinal epi kreyatif yo kapab rakonte nan itilize foto yo kapab pran yomenm yon kote yo abitye avèk li, tankou lakay yo oswa nan zòn lakay yo.
- Aplikan yo ta dwe dedye 1-2 èdtan pou fotografye sens sèn nan naratif yo chwazi a. Yo kapab pran foto sa yo andedan oswa deyò, ak ekleraj natirèl oswa atifisyèl. Poutèt ou pral chwazi senk (5) imaj ki rakonte istwa a pi byen, nou rekòmande pou fè omwen 20-40 foto, yon fason pou genyen yon bon seleksyon kote w kapab chwazi. Toulesenk (5) foto final ou yo ta dwe tou demontre konesans ou genyen de eleman oswa prinsip konsepsyon nan lis yo prezante pi wo a.
- Aplikan yo pral genyen chwa pou konvèti imaj yo an nwa e blan, kite yo an koulè, oswa nenpòt konbinezon de (2) estil yo nan senk (5) foto final yo. (Yo kapab reyalize konvèsyon final imaj yo ak Pixir E nan trennen "règ glisant Satirasyon an" mennen l jiskanba.
- Poutèt ou pa otorize rediksyon pandan pwosesis edisyon an, fè atasyon ak fason w ap pran foto yo. Si w vle genyen yon pi gwo plan sijè a, avanse pi prè li pandan w ap fè foto a. Si ou vle prezante yon sèn ki pi gran, deplase ale pi lwen sijè a pandan w ap fè foto a.
- Fè sèten imaj ou yo genyen yon pwen fokal (yon zòn pou je moun k ap gade a konsantre sou li).
- Siveye sa k ap rive nan tout foto a - konsidere eleman nan fon yo ak konsantre sou sa ki esansyèl pou dekri naratif ou chwazi a.
- Imaj ou yo dwe orizontal, vètikal antyèman, oswa yon konbinezon toulede. Yo PA otorize foto fòma kare.
- Sere senk (5) foto final ou yo sou fòma JPG yon kote ki sekirize nan òdinatè w la. Ou pral telechaje fichye ou yo nan Google Form y ap voye bay chak aplikan atravè imel. Ou dwe ranpli tout chan obligatwa yo.
- Ou dwe bay fichye ou yo yon non nan yon fòma byen espesifik. (Inisyal PRENON, ansuit inisyal SIYATI ou, trè souliyman (*underscore*), nimewo imaj ak yon zewo devan li)

## EGZANP NON FICHYE FOTOGRAFI DIJITAL:

Si premye ak dènye inisyal ou se M.G., w ap bay fichye ou a non:

1. MG\_01.jpg = premye (1<sup>ve</sup>) imaj (sèn) nan naratif fotografik ou a
2. MG\_02.jpg = dezyèm (2<sup>yèm</sup>) imaj (sèn) nan naratif fotografik ou a.
3. MG\_03.jpg = twazyèm (3<sup>yèm</sup>) imaj (sèn) nan naratif fotografik ou a.
4. MG\_04.jpg = katriyèm (4<sup>yèm</sup>) imaj (sèn) nan naratif fotografik ou a.
5. MG\_05.jpg = senkyèm (5<sup>yèm</sup>) imaj (sèn) nan naratif fotografik ou a.

\* Foto ekran sa yo montre fason pou sere yon JPG ak Pixir E



Tanpri pran nòt, majorite foto iPhone se gwo rezolisyon (HEIC ann anglè) pa defo. Si w pral itilize yon iPhone pou pran imaj pou Naratif Fotografi, ou pral bezwen fè sa n ap endike la avan ou pran foto w yo.

### CHANJE KONFIGIRASYON IPHONE OU YO POU FÈ FOTO JPG OLYE FICHYE HEIC:

1. Nan iPhone ou a, ale nan "Settings"
2. desann epi seleksyone nan "Camera"
3. Anwo a, seleksyone "Formats"
4. Fè sèten ou seleksyone "Most Compatible", PA "High Efficiency"
5. Kounye a iPhone ou kapab fè foto JPG. (Sa p ap konvèti foto ki la deja yo nan iPhone ou a an JPG - se sèlman foto w ap pran aprè ou fin chanje konfigirasyon k ap chanje an JPG)

# DEZYÈM PATI: ELEMEN REDAKSYON NARATIF FOTOGRAFI DIJITAL

Anmenmtan aplikan yo ap soumèt Eleman Naratif Fotografi Dijital yo, yo pral soumèt yon Eleman Redaksyon pou Naratif Fotografi Dijital la, k ap konsiste ak yon fraz konplè pou chak foto (sèn). Sa vle di aplikan yo pral rakonte istwa yo ak senk (5) fraz kout, pandan y ap itilize senk(5) foto dijital pou ede eksplike naratif yo a vizyèlman. Y ap imel chak aplikan yon Google Form pou yo tape senk fraz yo. Yo dwe ranpli tout chan obligatwa yo.

Si ou pa resevwa yon imel ak Lyen pou Google Form la avan oswa nan da 5 janvyè 2022, tanpri kontakte Biwo Espesyalizasyon an nan 561-802-6005 oswa imel [jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org)

Y ap baze evalyasyon an sou:

- SUIV DIREKTIV: - Te suiv tout direktiv yo
- KOMINIKASYON KI KLÈ - Yo te kominike naratif la klèman ak yon fraz konplè pou chak foto
- FRAZ YO MATCHE AK IMAJ YO - Demontre kapasite pou matche imaj ak tèks la efektivman
- FINI NARASYON AN - Demontre kapasite pou rakonte yon istwa ak yon kòmansman, dewoulman, ak yon fen.
- RAKONTE ISTWA YON FASON ORIJINAL/ KREYATIF - Talan pou eksprime yon naratif orijinal kreyativman nan itilize imaj,

Nan menm Google Doc ou pral tape Eleman Ekri Konpozisyon Naratif Vizyèl la, aplikan yo pral bezwen bannou tou enfòmasyon sa a:

- o Prenon ak inisyal siyati yo/\*si sa aplikab, Nimewo ID Elèv Rejyon Palm Beach yo:
- o Ki aparèy yo te itilize pou pran senk (5) foto pou odisyon yo a. Sa pral enkli mak ak modèl kamera oswa kamera telefòn nan. (Egzanp: *iPhone 4, iPhone 8 Plus, SamsungS9+, Canon Rebel t3i, Nikon Coolpix 950*, etc.)
- o Tit Narasyon Fotografi Dijital aplikan an pral pwouve sa nou
- o ekri la a:
  - Soumisyon materyèl odisyon yo se prèk elèv aplikan se te sèl moun ki travay nan èvda li soumèt pou evalyasyon an. **Yo atann pou tout aplikan genyen Onètete ak entegrite Yo pral mande elèv yo pou yo rekonèt vityèlman yon avidafid soumisyon pandan pwosesis odisyon an pou verifiye travay la se pa yo.**

\* Pou aplikan sa yo ki bezwen yon aparèy pou pran foto pou Eleman Naratif Fotografi Dijital la, tanpri, kontakte Jasmine James ([jasmine.james@palmbeachschools.org](mailto:jasmine.james@palmbeachschools.org) / (561) 802-6005 pou fè aranjan pou dat ak lè pou yo ale chèche l.

# TWAZYÈM PATI: KONPOZISYON NARATIF VIZYÈL

Aplikan yo pral kreye yon desen (2D) vizyèl bidimansyonèl baze sou yon naratif ak papye koulè sizo, ak lakòl. Aplikan dwe chwazi sijè yo apati lis fab/lejand ki anba la a:

- o *Little Red Riding Hood*
- o *Hansel and Gretel Jack*
- o *and the Beanstalk*
- o *Pinocchio*
- o *Aladdin and the Wonderful Lamp*

Aplikan yo dwe familiarize yo avèk lis sijè potansyèl ki pi wo a epi chwazi sa ki enspire yo pi plis la. Aplikan yo pral dekoupe fòm nan papye koulè (tankou papye konstriksyon), ranje, epi kole yo sou yon fèy papye blan epè 8.5 x 11 pous oswa katon (ki pral sèvi kòm baz pou desen yo a). Desen sa a ta dwe yon reprezantasyon vizyèl kreyatif fab/lejand la enspire nan yon sèten fason. Yo ta dwe konsidere menm lis eleman ak prensip desen lè y ap kreye Konpozisyon Naratif Vizyèl yo a. Yo pa bezwen pran yon sèl pou yo konsante sou li, men yo ta dwe konnen kilès ladan yo y ap prezante nan desen final yo a, kòm yo pral mande w pou w ekri yo nan do naratif fian la. Desen final la ta dwe antyèman bidimansyonèl (2D) epi li pa ta dwe genyen okenn eleman tridimansyonèl (3D) ak/oswa anbelisman. Sa vle di pa genyen eleman ki elve pi wo pase sifas desen an. Tout desen an ta dwe rete andedan papye blan debaz la --san eleman oswa anbelisman ki depase fèy papye 8.5 x 11 pous oswa 11 x 8.5.

## (Cambridge.org) Elements and Principles of Design

- Balans
- Koulè
- Kontras
- Anfaz
- Liy Fòm
- Rit
- Fòm
- Espas
- Teksti

Y ap baze evalyasyon an sou:

- SUIV DIREKTIV: - Te suiv tout direktiv yo
- GRAFIKMAN ATIRAN - Demontre kapasite pou chwazi epi òganize materyèl yo bay yo pou kreye yon naratif vizyèl ki atiran, youn nan sijè yo te enspire.
- ELEMAN AK PRENSIP - Demontre izaj efektif eleman ak prensip konsepsyon
- KREYATIVITE -Anbisyon, imajinasyon, kompleksite, ak/oswa kreyativite nan konsepsyon
- TALAN ATISTIK - Demontre bon jan talan atistik

Materyèl ak zouti ki nesèsè:

- Yon fèy papye 8.5 x 11 pous oswa katon
- Papye koulè - dwe itilize toulesenk koulè sa yo - wouj, ble, vèt, jòn, ak nwa.
- Sizo
- Baton lakòl (yon ti baton lakòl preferab pase lòt tip lakòl yo pou yon adezyon pwòp epi kontwole.

Teknik ak apwòch:

- Aplikan yo dwe genyen 40 minit pou kreye konpozisyon Naratif Vizyèl yo a.
- Yo ta dwe konsidere desen yo aprè seleksyon yon lejand/fab pou konsantre sou konpozisyon an.
- Konpozisyon an kapab "landscape"/orizontal (11 x 8.5 pous) oswa pòtre/vètikal (8.5 x 11 pous) - Chwazi meyè oryantasyon pou sèn nan.
- Yo ta dwe dekoupe papye koulè epi kole l sou fon blan pou kreye yon naratif vizyèl baze sou fab/lejand aplikan an te chwazi a nan li pi wo a.
- Desen final la PA ta dwe genyen okenn bwouyon vizib, oswa okenn kalite penti- sèlman dekoupaj papye koulè.
- Yo kapab mete dekoupaj papye koulè youn sou lòt.
- Katon/papye blan kapab genyen zòn ki transparan si aplikan chwazi pou l fè sa. Yo ta dwe konsidere dispozisyon, fòm, espas negatif, ak eleman ak principles of Desen yo.
- Desen final la ta dwe antyèman bidimansyonèl (2D) epi li pa ta dwe genyen okenn eleman tridimansyonèl (3D) ak/oswa anbelisman.
- Tout desen an ta dwe rete andedan papye blan debaz la --san eleman oswa anbelisman ki depase fèy papye 8.5 x 11 pous oswa 11 x 8.5. Nan fen 40 minit yo, y ap mande pou aplikan yo yo sispann travay sou konpozisyon Naratif Vizyèl yo a epi remèt li - y ap mande aplikan yo pou yo ekri done sa yo:

- 1.# Badj ID yo
2. Fab/lejand ki te enspire desen aplikan an. Eleman prensipal ak/oswa ki prevalan nan desen final aplikan an.
3. Eleman prensipal ki prevalan nan konsepsyon final aplikan an.

# Mizik - Fanfa

## PREMYE PATI: PÈFÒME SOLO YO TE PREPARE

Aplikasyon an pral pèfòme yon solo li te prepare epi chwazi nan lis mizik literati mizik estanda eta. Ale nan [www.flmusiced.org/fba/dnn/Music-List/Solo-Ensemble](http://www.flmusiced.org/fba/dnn/Music-List/Solo-Ensemble) pou jwenn yon lis. Pyès solo li chwazi a ta dwe montre talan teknik elèv la nan pi wo nivo kote aplikasyon an santi l konfòtab. Nou rekòmande yon solo nivo 4 oswa pi wo.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon ton (diskriminasyon ak pasyèl)
- Presizyon ritmik (tanporizasyon, *tempo*, rit ekri ki aktyèl)
- Kalite ton (karaktèistik enstriman an)
- Teknik la (kontwol respirasyon, rapidite, mouvman dwèt, antre, soti, *tempo*, atikilasyon)
- Ekspresyon (dinamik, fraz, *tempo*, fòm)
- Efè mizikal (talan, prezans sou sèn, aparans, emosyon)

## DEZYÈM PATI: PREPARE SIS GAM MAJÈ

Aplikasyon an pral prepare sis (6) gam majè nan kle F, Bb, Eb, G, D ak A. Jij yo pral mande elèv la pèfòme 3 nan 6 yo, y ap chwazi an dezòd. Tanpri pran nòt: TRANSPOZISYON PA NESESÈ!

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon nan pèfòmans chak echèl yo mande pou kandida a pèfòme

## TWAZYÈM PATI: LEKTI MIZIK

Aplikasyon an pral li plizyè mezi aprè 30 segonn etid vizyèl. Y ap baze evalyasyon an sou:

- Pèfòmans presi chak mezi

# KATRIYÈM PATI: CHANTE YON CHANSON KI KOMEN

Aplikan an pral chante yon chanson ki komen (tankou "Happy Birthday.")

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon (ton, ritm, ak tanporizasyon)

# SENKYÈM PATI: CHANTE NÒT

Aplikan an pral chante yon seri nòt y ap jwe sou pyano nan moman an.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Memwa oditif ak entonasyon

# SENKYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Demontre motivasyon atravè deskripsyon abitud pratike, leson, patisipasyon nan festival, prim, avidite pou aprann epi eseye nouvo konsèp

REMAK: Dreyfoos PA ofri pwogram gita ni li pa ofri pwogram je tanbou. Sepandan, yo ankouraje elèv ki jwe yon pèkisyoun lejitim pou yo aplike. Yo atann pou pèkisyonis pèfòme api li mezi nan "SNARE DRUM AK MALLE". Yo pa egzije Timpani.

Après yo fin satisfè kondisyon pou odisyon pou Pèkisyoun an, elèv yo kapab chwazi pou demontre talan pou Jwe Tanbou.

Je Tanbou:

- Prepare estil sa yo nan 32 fòm 32 ba
- "Straight Ahead Swing" nan ka nòt =100-160 bpm
- Estil laten (samba, bossa, eltr.) nan ka nòt =100-140 bpm
- Funk/Rock nan ka nòt = 100 bpm

Y ap bay je Tanbou. Pote pwòp bagèt ou

# Mizik Pyano

## P R E M Y E PATI: P È F Ò M E SOLO Y O T E P R E P A R E

Aplikan an pral pèfòme yon solo li te prepare, li te chwazi nan literati mizik estanda. Elèv yo ta dwe kapab jwe nan nivo omwen, men san l pa limite a, Envazyon an de (2) pati J.S. Back oswa moso ki nan menm nivo. Yo ta dwe chwazi, avèk atansyon, yon repètwa ki demontre avèk siksè nivo devlopman teknik ak mizikal elèv la. Yo dwe jwe seleksyon an pakè. Elèv la dwe vini ak yon kopi mizik li pral pèfòme a.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Nivo seleksyon yo mande
- Teknik (mekanis: pozisyon men, pozisyon ponyèt, posti, rapidite, dwate, izaj pedal)
- Memorizasyon
- Presizyon ton; presizyon ritmik
- Ekspresyon (dinamis, *phrasing*, *tempo*, atikilasyon, entèpretasyon, estil)
- Kalite ton
- Efè Mizikal (chwa mizik, talan atistik, prezans sou sèn, aparans)

## DEZYÈM PATI: P È F Ò M E YON GAM

Aplikan an pral pèfòme yon echèl (chwa aplikan an) omwen 2 oktav/HT (2 men ansanm) nan 16 nòt nan yon minimòm ka nòt=100.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Technique (mekanis: pozisyon men, pozisyon ponyèt, posti, rapidite, dwate) kalite ton; *tempo*

## TWAZYÈM PATI: L E K T I MIZIK

Aplikan pral li plizyè mezi aprè 30-60 segonn etid vizyèl. Y ap baze evalyasyon an sou:

- Pèfòmans presi ton ak ritm nan chak mezi

## KATRIYÈM PATI: CHANTE YON CHANSON KI KOMEN

Aplikan an pral chante yon chanson ki komen (tankou "*Happy*

*Birthday.*") Y ap baze evalyasyon an sou:

- Ritm ak entonasyon

## SENKYÈM PATI: C H A N T E YON SERI NÒT

Aplikan an pral chante yon seri nòt y ap jwe sou pyano, enklizif ton diskriminasyon amonik, nan moman an. (Matche Ton)

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Memwa oditif ak entonasyon

## S E N K Y È M PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Kapasite pou dyaloge epi prezante ide epi demontre motivasyon atravè yon deskripsyon abitud pratike ak aktivite ki konekte ak mizik



# Mizik Enstriman akòd

## P R E M Y E PATI: ECHÈL AK APÈJ

Aplikan an pral pèfòme de (2) echèl ak apèj. Premye echèl la pral chwaz aplikan an; dezyèm nan se gwoup jij odisyon an ki pral chwaz li. Yo dwe jwe echèl la nan 3 oktav (2 oktav pou bas doub), nan 8<sup>èm</sup> nòt avèk yon poulsasyon (ant 60 ak 80 BPM).

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon ton ak entonasyon jeneral
- Pilsasyon
- Kalite ton
- Teknik men goch (pozisyon, chanjman, *vibrato*)

## DEZYÈM PATI: P È F Ò M E SOLO YO TE P R E P A R E

Aplikan an pral pèfòme yon solo li te prepare, li te chwazi nan literati mizik estanda. Repètwa solo a ta dwe montre pi wo nivo talan teknik ak mizikal elèv la. Egzanp seleksyon ki apwopriye enkli yon mouvman yon konsèto estanda oswa solo Bach.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon ton ak entonasyon jeneral
- Teknik achè (konfigirasyon, metriz touch, rapidite, legato)
- Ekspresyon (dinamik, fraz, *tempo*, fòm)
- Teknik men goch (pozisyon, chanjman, *vibrato*)
- Efè Mizikal (mizikalite, prezans, aparans)
- Nivo teknik apwopriye
- Abilte Teknik anjeneral
- Kalite ton

## TWAZYÈM PATI: L E K T I MIZIK

Aplikan pral li plizyè mezi aprè 60 segonn etid vizyèl. Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon anjeneral (ritm ki kòrèk, nòt, atikilasyon, ak dinamis)

## KATRIYÈM PATI: CHANTE YON CHANSON KI FAMILYE

Aplikan an pral chante yon chanson familye (tankou "Happy Birthday.")

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Rit, entonasyon, ak mezi tan (pou Happy Birthday)

# SENKYÈM PATI: CHANTE YON SERI NÒT

Aplikan an pral chante yon seri nòt y ap jwe sou pyano nan moman an. (Matche Ton)

Evalyasyon ap baze sou:

- Memwa oditif ak entonasyon

# SIZYÈM PATI: IDANTIFIKASYON TRIYAD

Aplikan a pral idantifye epi chante rasin nan, 3<sup>yèm</sup> ak 5<sup>yèm</sup> triyad.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Diskriminasyon ton ak entonasyon

# SETYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou. Sijè yo kouvri men yo kapab enkli abitud, patisipasyon nan resital, festival mizik tankou All State ak solo ak ansanm MPA, asiste konsè, pastan ak aktivite ekstra eskolè.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Demontre motivasyon atravè deskripsyon abitud pratik, leson, festival ak patisipasyon nan resital, asiste nan konsè elèv ak konsè pwofesyonèl.

## MIZIK HARP

1. Y ap mande aplikan an pou l pèfòme yon solo avèk repèta ki ekivalan ak:

- *Salzedo "Method for the Harp"*
- *Grandjany Petite Suite Classique*
- *McDonald/Wood Harp* solos, Volumes 2, 3 or 4

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Kalite ton  
 Expresyon  
 Pozisyon Men Goch  
 Efè Mizikal  
 Pozisyon Men Dwat  
 Talan teknik anjeneral

2. Y ap mande aplikan yo pou yo jwe:

- Fè akò rolled ak blocked avèk tout 8 dwèt yo an pozisyon rasin ak envèsyon
- apèj 4 oktav avèk tout 8 dwèt yo, pwogresyon asandan ak desandan, nan I, IV, V, I.
- Demontre pedale nan yon pwogresyon C, F, G7, C. Jwe
- yon echèl 2 oktav

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Presizyon nan pedale  
 Presizyon Men Dwat

Presizyon Men Goch

Teknik "Glissando"

\*\*Tanpri, ale nan Direktiv pou Odisyon 3-7 pou plis evalyasyon\*\*

# Mizik- Vokal

## PREMYE PATI: PÈFÒME SOLO YO TEPREPARE

Aplikan an pral pèfòme yon solo\* li te chwazi, prepare, apati literati estanda mizik ki disponib nan nenpòt depatman mizik nan lekòl mwayen oswa lekòl segondè. Pyès solo li chwazi a ta dwe montre talan teknik elèv la nan pi wo nivo kote aplikan an santi l konfòtab. Yo dwe memorize seleksyon an. Yo atann pou li pre-anrejistre yon akonpayman sou CD; yo pa otorize akonpayman an dirèk.

Y ap baze evalyasyon an sou:

Kalite ton

Teknik (posti, jesyon respirasyon, estil *legato*)

Ton ak presizyon ritmik

Entonasyon

Diksyon (vwayèl pi, Konsòn klè, diksyon otantik)

Ekspresyon (dinamik, *phrasing*, *tempo*, fòm)

Efè Mizikal (6 eleman: talan atistik, prezans sou sèn, aparans, emosyon, memorizasyon, chwa literati)

### \*NÒT KONSÈNAN SELEKSYON SOLO\*

Aplikan yo kapab chwazi nenpòt chanson yo vle pou solo yo a. Sepandan, seleksyon yo rekòmande yo parèt nan: *Folk Songs for Solo Singers, Vol. I & II*, Jay Althouse, Alfred Publishing Company.

## DEZYÈM PATI: CHANTE YON CHANSON KI FAMILYE

Aplikan an pral chante yon chanson famiyè (tankou "*Happy Birthday*.") Aplikan an kapab tou chante ton li tande yo jwe sou pyano an.

Y ap baze evalyasyon an sou:

Memwa oditif (presizyon ton, aksè nan gam)

## TWAZYÈM PATI: CHANTE YON SERI NÒT

Aplikan an pral chante yon seri nòt ki soti nan melodi kout yo jwe sou pyano an. Y ap bay senk egzanp difikilite pwogresif.

Y ap baze evalyasyon an sou:

Memwa oditif, presizyon, ak entonasyon

## KATRIYÈM PATI: LEKTI MIZIK

Aplikan pral li plizyè mezi aprè 30 segonn etid vizyèl. Y ap baze evalyasyon an sou:

Pèfòmans presi chak mezi

## SENKYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Y ap baze evalyasyon an sou:

- Talan motivasyon ak kominikasyon li demontre atravè patisipasyon nan evènman mizikal, reyalizasyon mizikal, volonte pou aprann epi eseye nouvo konsèp, kapasite pou kominike nan yon fason ki atikile avèk serenite.

# Teyat - Fè Aktè

## PREMYE PATI: MONOLÒG

Aplikan an pral prezante oralman de (2) monològ ki opoze, youn pa ta dwe pran plis pase 45 segonn.

**Monològ 1** ta dwe suiv direktiv sa yo:

- Ki soti nan yon pyès yo bibliye, ki te ekri nan 100 ane ki sot pase yo.
- Dire 45 segonn
- Memorize antyèman

**Monològ 2** ta dwe suiv direktiv sa yo:

**Ki soti nan youn nan sous sa yo:**

- Pyès yo te bibliye
- Sinema
- Televizyon jwèt
- Videyo Liv
- Pwezi/Pawòl moun di
- Pyès Orijinal

- Dire 45 segonn
- Memorize antyèman

Evalyasyon monològ la ap baze sou:

- Enèji ak Envestisman emosyonèl
- Fokis, konsantrasyon ak kontwòl
- Klate istwa (sans imajinasyon, dekouvèt, kominikasyon sans mo yo)
- Chwa apwopriye pèsonaj espesifik (jès fizik, estil pyès)
- Konpòtman onèt epi entèg nan pèfòmans
- Kalite vokal (volim, diksyon, sipò respirasyon, enfleksyon)

## DEZYÈM PATI: ENPWOVIZASYON EGZÈSIS FIZIK

Aplikan an pral patisipe nan yon seri Egzèsis Fizik Enpwovize nan yon gwoup yon manm Fakiltè Teyat Dreyfoos ap dirije.

Evalyasyon Enpwovizasyon Egzèsis Fizik la ap baze sou:

- Kapasite pou fè chwa fizik espesifik ki klè, brav, ki demontre libète mouvman, abiltè pou suiv enpilsyon, ak volonte pou pran risk.

## TWAZYÈM PATI: Y AP BAY DEFI POU PÈFÒME YON NOUVO MOUVMAN

Y ap mande aplikan an pou li fè yon chanjman (pèfòme nan yon fason ki diferan selon yon direktiv espesifik) nan youn nan monològ li te prepare yo.

Evalyasyon nouvo direktiv la ap baze sou:

- Volonte pou pran kòmman ak abiltè pou suiv direktiv
- Siksè nan aplike direktiv yo mande a

## KATRIYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Evalyasyon entèvyou a ap baze sou:

- Angajman aktyèl nan teyat
- Talan pou kominike ide ak objektif klèman.
- Potansyèl pou siksè pwofesyonèl

Yo dwe memorize tout materyèl pou pèfòmans nan odisyon yo, yo dwe koresponn ak laj, idantifikasyon seksyèl, ak eksperyans aplikan an, epi li ta dwe demontre range, vèsatilitè, ak onètete kòm yon aktè.

Aplikan yo ta dwe abiye yon fason ki konfòtab epi ki gen gou nan chwa abiman ki pa bloke oswa restrenn libète mouvman. Abiman ta dwe kouvri kwis konplètman, ren, do, ak lestomak lè l ap deplase. Soulye yo ta dwe pèmèt li

deplase an sekirite, byen kanpe, epi ak konfò. Pa dwe genyen bijou k ap pandye. Pa mete degizman!

# Teyat Mizikal

## PREMYE PATI: PÈFÒME CHANSON TEYAT MIZIKAL

Aplikan an pral prezante yon (1) moso 32 ba yon chanson teyat Mizikal (apeprè yon minit). Tanpri, vini avèk yon anrejistremman akonpayman w lan oswa telekopye l (*download*) dirèkteman nan yon aparèy (Pa genyen jwe videyo sou entènèt apati sèvis tankou YouTube pandan odisyon an.

Evalyasyon chanson yo ap baze sou:

- Enèji ak Envestisman emosyonèl
- Konsantrasyon, konsantrasyon ak kontwòl
- Klate nan rakonte istwa (sans imajinasyon, dekouvèt, komunikasyon sans mo yo)
- Chwa apwopriye pèsonaj espesifik (jès fizik, estil pyès)
- Konpòtman onèt epi entèg nan pèfòmans
- Kalite vokal (ton, entonasyon, ritm, volim, diksyon, sipò respirasyon)

## DEZYÈM PATI: KONBINEZON DANS

Aplikan an pral pèfòme yon konbinezon dans yon gwoup fakilte teyat mizikal la ap anseye.

Evalyasyon dnas la ap baze sou:

- Retansyon (Aprann mouvman rapidman ak ti kal repetisyon direktiv) ak egzekisyon (demonstre kowòdinasyon, teknik dans, ak presizyon ritmik mouvman)

## TWAZYÈM PATI: Y AP BAY DEFI POU PÈFÒME YON NOUVO MOUVMAN

Y ap mande aplikan an pou li fè yon chanjman (pèfòme nan yon fason ki diferan selon yon direktiv espesifik) nan chanson li te prepare a.

Evalyasyon chanjman ap baze sou:

- Volonte pou pran kòmman ak abilte pou suiv direktiv
- Siksè nan aplike direktiv yo mande a

## KATRIYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Evalyasyon entèvyou a ap baze sou:

- Angajman aktyèl nan teyat
- Talan pou kominike ide ak objektif klèman.
- Potansyèl pou siksè pwofesyonèl

Yo dwe memorize tout materyèl pou pèfòmans nan odisyon yo, yo dwe koresponn ak laj, idantifikasyon seksyèl, ak eksperyans aplikan an, epi li ta dwe demonstre range, vèsatilite, ak onètete kòm yon aktè.

Aplikan yo ta dwe abiye yon fason ki konfòtab epi ki gen gou nan chwa abiman ki pa bloke oswa jennen libèt mouvman. Abiman ta dwe kouvri kwis konplètman, ren, do, ak lestomak lè l ap deplase. Soulye yo ta dwe pèmèt li deplase an sekirite, byen kanpe, epi ak konfò. Pa dwe genyen bijou k ap pandye. Pa mete degizman!

# Teyat Teknik

## PREMYE PATI: PREZANTASYON PROJÈ

Y ap bay aplikan an yon prezantasyon kwonometre pou 3 minit, li dwe orijinal, pèsònèl, yon pwojè teknik (tankou, degizman, konsepsyon senik, modèl, pwop, eltr.) ki enkli: enspirasyon ki dèyè pwojè a, rechèch oswa devlopman ide ki dèyè li, fason li te reyalize, materyèl yo te itilize ak chwa yo te fè nan konsepsyon ak egzekisyon.

Evalyasyon konsepsyon teknik la ap baze sou:

- Orijinalite ak kreyativite pwojè
- Chwa atistik ki apwopriye
- Aplikasyon rechèch ak/oswa enspirasyon kreyatif
- Talan atistik ak atansyon pou detay
- Atikilasyon konsèp ak pwosesis
- Talan Atistik anjeneral:

## DEZYÈM PATI: Y AP BAY DEFI POU PWOJÈ KREYATIF

Y ap defye aplikan an nan yon eksplorasyon pwojè kreyatif - y ap prezante aplikan an yon senaryo epi y ap mande l pou l fè chwa atistik. Aplikan an pral jistifye desizyon l aprè sa.

Evalyasyon pwojè kreyatif la ap baze sou:

- Volonte pou pran kòmman ak abilte pou suiv direktiv
- Izaj kreyatif materyèl yo te bay la ak egzekisyon reyisi pwodui final la.
- Siksè nan aplikasyon jistikasyon oswa defi yo te bay la.

## KATRIYÈM PATI: ENTÈVYOU

Aplikan an pral patisipe nan yon entèvyou.

Evalyasyon entèvyou a ap baze sou:

- Angajman aktyèl nan teyat
- Talan pou kominike ide ak objektif klèman.
- Potansyèl pou siksè pwofesyonèl

Yo dwe memorize tout materyèl pou pèfòmans nan odisyon yo, yo dwe koresponn ak laj, idantifikasyon seksyèl, ak eksperyans aplikan an, epi li ta dwe demontre range, vèsatilite, ak onètete kòm yon aktè.

Aplikan yo ta dwe abiye yon fason ki konfòtab epi ki gen gou nan chwa abiman ki pa bloke oswa jennen libète mouvman. Abiman ta dwe kouvri kwis konplètman, ren, do, ak lestomak lè l ap deplase. Soulye yo ta dwe pèmèt li deplase an sekirite, byen kanpe, epi ak konfò. Pa dwe genyen bijou k ap pandye. Pa mete degizman!



# Vizyèl

Odisyon pou Atizay Plastik genyen **DE (2) PATI LADAN LI**

**1<sup>ye</sup> Pati:** Aplikan yo itilize tan pèsònèl yo avan odisyon an pou KREYE DE (2) DESEN selon direktiv espesifik. Aplikan an pral bezwen pote de (2) desen li reyalize pou soumèt nou nan aswè yo pwograme odisyon li an.

**2<sup>yèm</sup> Pati:** Aplikan an pral vini nan odisyon an nan lekòl Dreyfoos. Aplikan an ap soumèt de (2) desen li reyalize yo bannou nan yon anvlop n ap bali. Anplis, aplikan an pral genyen 30 minit pou li reyalize yon DESEN TWA DIMANSYON (ESKILTI SOU PAPYE) baze sou yon mo/ide y ap bali nan moman odisyon an, l ap itilize materyèl (papyè an nwa e blan, sizo, tep, ak lakòl), tout bagay sa yo lekòl la ap bali yo.

Touletwa èv atisitik yo (de (2) desen yo ap konsepsyon 3D sou papyè) ap rete nanmen jij yo pou evalye. Yo p ap remèt elèv la travay li a.

**Tanpri, pran nòt konsènan entegrite atistik: Soumisyon pòtfolyo final twa travay yo nan odisyon an sètifye elèv aplikan an te sèl moun ki travay nan tach li soumèt pou evalyasyon. Yo atann pou tout aplikan genyen Onètete ak entegrite**

Nòt konsènan materyèl yo:

- Yo kapab jwenn tout materyèl ki nesèsè pou reyalize desen yo nan boutik, magazen atizay, ak/oswa sou entènèt.
- Yo pa difisil pou jwenn ni yo pa koute chè non pli.
- Genyen kèk materyèl aplikan yo kapab deja genyen lakay yo.
- Depatman/lekòl nou an pral genyen papyè blan 18 x 24", kreyon eboni, ak gòm disponib pou aplikan vin chèche si yo pa kapab jwenn yo poukont yo. (sa se materyèl y ap bezwen pou de (2) desen yo pral travay sou yo epi reyalize avan dat yo pwograme odisyon yo a.)

## ENPÒTAN: APLIKAN YO DWE REYALIZE DESEN 1 AK 2 POUKONT YO AVAN JOU YO PWOGRAFE ODISYON YO A

Fason pou transpòte desen w yo nan odisyon an san danje epi bayo non:

- Aplikan yo kapab woule desen yo avèk prekosyon epi sekirize yo avèk yon elastik oswa klip papyè pou transpòte yo vin lekòl la. Anwoule yo yon fason pou desen yo ANDEDAN, pa sou deyò!
- Si genyen lapli, nou sijere pou mete desen tou anwoule nan yon sache platik pou evite yo mouye.
- Si aplikan an te deja genyen yon pòtfolyo pou transpòte vin lekòl la, li kapab tou itilize li. Tanpri, pa pote lòt travay nan odisyon w lan.
- Pa ekri non w nan do desen w lan OSWA siyen non nan kwen an. Senpleman ekri INISYAL ou nan do desen an pou yon fòm elemantè idantifikasyon. Nou pral di ou kijan pou rele travay ou a nan yon fason ki pi detaye lè ou pote l nan odisyon yo pwograme pou ou a.

# P R E M Y E PATI: KREYE DE (2) DESEN

## DESEN 1: DESEN OTO-PÒTRE

### KISA YON OTO-PÒTRE YE?

Oto-Pòtrè se yon pòtrè yon atist fè oswa kreye sou tèt li.

Aplikan an dwe reyalize yon desen OTO-PÒTRE.

- Yo ta dwe reyalize oto-pòtre a nan yon vi fwontal OSWA yon vi twa-ka (3/4). Elèv la
- dwe reyalize oto-pòtrè a APATI REYALITE (pa yon foto) epi l ap bezwen yon miwa.
- Oto-pòtrè a dwe enkli tout longè tèt ak kou epi li kapab enkli zepòl si yo vle. Yo pa ta dwe enkli anyen anba zepòl. Atis la kapab enkli bagay ki ozalantou
- anviwònman/espas li nan desen an, men sa pa ta dwe premye bagay li konsantre sou li nan travay li a.

### Materyèl ki nesèsè, ak tan yo Sijere:

- Papye desen blan OSWA papye medya blan miks
- Dimansyon: 18" x 24"
- Kreyon EBONY (sa se yon kreyon grafit mou)
- Gòm (tip yo sijere: *Magic Rub*, oswa yon bagay ki sanblab ki efase pwòp)
- Aplikan an prab bezwen yon miwa ak yon sifas di, ki lis, kote li kapab desine.
- Nou sijere li pran omwen 3 ak 5 ÈDTAN ototal pou li fè OTO-PÒTRE sa a.

Nòt konsènan materyèl yo: Depatman/lekòl nou an pral genyen papye blan 18 x 24", kreyon eboni, ak gòm disponib pou aplikan vin chèche si yo pa kapab jwenn yo poukont yo. (Sa yo se materyèl ou bezwen pou desen sa a.)

Evalyasyon OTO-PÒTRÈ a ap baze sou:

#### PWOPÒSYON

Dimansyon chak pati nan figi, tèt, ak zepòl yo konekte youn ak lòt.

#### VALÈ

Yonpizaj presi klate ak lonbraj.

#### APWÒCH KREYATIF

APWÒCH KREYATIF atis la; enkli fè mak, manipilasyon materyèl, konsèp, ak konpozisyon.

#### TALAN ATISTIK

Kalite jeneral, swen, ak jesyon desen an.

#### SUIV DIREKTIV:

Te itilize materyèl adekwat yo sou dimansyon papye yo te espesifye.

#### FINISMAN

Desen an sanble li fini nèt.

## DESEN 2: DESEN NATI MÒT

Kisa ki se yon NATI MÒT?

Yon NATI MÒT se yon desen oswa yon tablo yon aranjman objè san vi.

Aplikasyon an dwe reyalize yon desen NATI MÒT.

NATI MÒT enkli SIS OBJÈ KI NAN LIS ANBA LA A, ki se atik domestik ki disponib toutan, ak yon atik moun kapab jwenn deyò.

1. Yon soulye
2. Yon tas
3. Yon liv
4. Yon kiyè
5. Yon mayo ini
6. Yon ti branch bwa ak fèy ki soti nan yon pyebwa oswa yon touf plant.

Aranjman ak Egzekisyon Desen an:

Atis la kapab dispoze objè jan li vle

Yo ka dwe plase objè yo sou yon sifas plat men yo dwe plase/anpile/vlope youn sou lòt oswa sou kote lòt si atis la chwazi pou li fè sa.

Li rekòmande pou atis la kreyatif nan fason li chwazi pou li dispoze objè sa yo nan desen li an, pou li kapab kreye YON KONPOZISYON INIK ki pral pèmèt li montre PWOPÒSYON, VALÈ, (KATE AK LONBRAJ), ak PÈSPEKTIV (relasyon nan espas/distans ant youn ak lòt) sis objè yo an desen li an.

Li rekòmande pou aplikasyon an enstale nati mòt yo a yon kote yo pa ap deranje li jiskaske yo fin fè desen an. (Ou pa vle pou objè yo deplase)

Atis dwe montre tout sis atik yon nan desen li an, men yo pa atann pou yo mete toulesis objè yo nan konpozisyon yo a. Genyen kèk objè ki KAPAB epi ki PWOBABLEMAN PRAL monte youn sou lòt epi kite limit papye a.

Desen nati mòt la ta dwe fèt apati REYALITE, pa soti nan yon foto.

Materyèl ki nesèsè, ak tan yo Sijere:

- Papye Desen Blan oswa Papye Medya Blan Miks- dimansyon 18" x 24"
- Kreyon EBONY (sa se yon kreyon grafit mou)
- Gòm (tip yo sijere: *Magic Rub*, oswa yon bagay ki sanblab ki efase pwòp)
- Aplikasyon an pral bezwen yon wè nati mòt yo a san rete, ak yon sifas ki di kote yo kapab desine.
- Aplikasyon an pral bezwen klere nati mòt la pou montre valè (kate ak lonbraj) ak kontras.
- Nou sijere li pran omwen 2 ak 5 ÈDTAN ototal pou li fè NATI MÒT sa a.

Nòt konsènan materyèl yo: Depatman/lekòl nou an pral genyen papye blan 18 x 24", kreyon eboni, ak gòm disponib pou aplikasyon vin chèche si yo pa kapab jwenn yo poukont yo. (Sa yo se materyèl ou bezwen pou desen sa a.)

Evalyasyon NATI MÒT la ap baze sou:

- PWOPÒSYON
  - Fòm ak dimansyon chak atik nati mòt konekte youn ak lòt, ak ilizyon pwofondè.
- VALÈ
  - Yon izaj presi kate ak lonbraj.
- APWÒCH KREYATIF
  - APWÒCH KREYATIF atis la; enkli fè mak, manipilasyon materyèl, konsèp, ak konpozisyon.
- TALAN ATISTIK
  - Kalite jeneral, swen, ak jesyon desen an.
- SUIV DIREKTIV:
  - Te itilize materyèl adekwat yo sou dimansyon papye yo te espesifye.
- FINISMAN
  - Desen an sanble li fini nèt.

# DEZYÈM PATI: KONSEPSYON (ESKILTI) 3D SOU PAPYE

## DEZYÈM PATI (ÈV ATISTIK 3) PRAL FÈT NAN ODISYON W LAN NAN LEKÒL DREYFOOS

Kisa yon ESKILTI ye?

Yon eskilti se yon èv atistik ki enplike fè yon fòm 3 dimansyon ki reprezantatif oswa abstrè.

Aplikan an pral kreye yon ESKILTI SOU PAPYE baze sou yon sijè yo bali nan moman odisyon an.

- Desen aplikan an pou eskilti sou papye sa a ta dwe baze sou/enspire pa yon msijè vèbal yo bali.
- Y ap bay aplikan an mo a ak definisyon an alekri. Eskilti yo dwe TRI-DIMANSYONÈL
- Yo kapab kreye eskilti yo ak papye nwa OSWA papye blan (men pa toulede).
- Fòm sou papye yo kapab asanble/eskilte avèk ti baton lakòl ak/oswa tep transparan.
- Fòm sou papye yo kapab tou asanble nan pliye papye ak prekosyon si aplikan chwazi fè sa. Li enpòtan pou note eskilti yo dwe byen fèt epi rete ansanb lè elèv la fini travay la.
- Eskilti yo dwe byen konstwi ak talan atistik (kalite travay la anjeneral epi yo atann pou yo mete anpil swen nan reyalizasyon eskilti a).
- DIMANSYON YO ATANN: Eskilti yo ta dwe OMWEN dimansyon yon pwen fèmèn. Nou rekòmande pou yo pa fè anyen ki pi laj pase yon bagay yo ta kapab mete sou biwo yon elèv.

Evalyasyon ESKILTI SOU PAPYE a ap baze sou:

- KONSEPSYON AN KOMINIKÈ MO/IDE A
  - Konsepsyon eskilti a ak konpozisyon l konekte avèk mo/ide yo te bay la nan yon fason ki atiran.
- APWÒCH KREYATIF
  - Apwòch kreyatif atis la nan eskilti a; enkli apwòch konstriksyon eskilti a ak manipilasyon materyèl yo.
- TALAN ATISTIK
  - Kalite jeneral, swen, ak jesyon eskilti a.
- SUIV DIREKTIV:
  - Yo itilize materyèl adekwat epi aplikan an itilize swa papye nwa OSWA blan.
- FINISMAN
  - Eskilti a sanble li fini nèt.
- DEKLARASYON ALEKRI
  - Konekte eskilti a avèk mo yo te bay la.

# Aprè Devwa a

Aksepte plas ou atravè Sistèm Jesyon Aplikasyon pou Chwa Espesyalizasyon (kote w te aplike a).

Siyen epi retounen Kontra Chwa a. Kontra a souliyen kondisyon ak atant yo genyen sou konpòtman nan A.W. Dreyfoos. School of the Arts.

Enskripsyon nan lekòl ak seleksyon kou ap fèt sou sit la ann avril/me sou apwentman.

## Lòt Kondisyon Admisyon

Lè yon elèv aplike nan yon pwogram boza nan A.W. Dreyfoos. School of the Arts, yo aplike pou yo vin yon elèv nan yon klas detèmine. Donk, elèv yo pran angajman pou respekte kondisyon Eta Florid pou yo pase ale nan yon klas siperyè. Akseptasyon nan klas sa a lye avèk satisfaksyon kondisyon sa yo pou nivo klas sa a. Si yo jwenn yon elèv nan kòmansman ane lekòl la ki p ap ranpli kritè pou l pase, y ap anile akseptasyon an epi y ap voye elèv la tounen nan lekòl regilye zòn yo.

Pou kritè pwomosyon selon nivo klas, tanpri gade nan Plan Pwogresyon Elèv K-12 Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la nan: [https://www.palmbeachschools.org/students\\_parents/student\\_progression\\_plan](https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_progression_plan)